WIKIPÉDIA

Basa Kannada

Basa Kannada wujud péranganing golongan basa Dravida, sing dituturaké déning sapérangan gedhé masarakat praja Karnataka, India Kidul. Basa iki uga dipigunakaké déning sapérangan warga Tamil Nadu, Andhra Pradesh, Kerala tekan Maharastra. Basa iki ngalami akèh owah-owahan kaping papat sajeroning sajarahé, ya iku:


- **Purva Halegannada** (saka mangsa awal tekan abad angka 10).
- **Halegannada** (saka abad angka 10 tekan abad angka 12).
- **Nadugannada** (saka abad angka 12 tekan abad angka 15).
- **Hosagannada** (saka abad angka 15 tekan saiki).

Éwadéné huruf Kannada mirib banget karo huruf Telugu. Ngrembaka saka huruf Brahmi cabang kidul pasca pamaréntahan Asoka. Malah sadurungé abad angka 7, huruf Kannada-Telugu wis dipigunakaké sajeroning prasasti *Kadamba Banavasi* lan *Chalukya Badami* ing kulon. Huruf Kannada ngalami owah-owahan ing mangsa pamaréntahan Sathavahana, Kadamba, Ganga, Rastrakuta, lan Hoysala. Huruf Kannada lan Telugu modhèren wiwit muncul nalika abad angka 13. Huruf Kannada uga dipigunakaké kanggo nulisaké basa Konkani, Tulu lan Kodava.

Conto

- Namaskara! = Halo!
- Neevu Hegiddeeri/Hegidhdheya? = *Apa kabar?*
- Naanuchennagidene = Apik-apik
- Dhanyavaadhagalu = Matur nuwun
- Ninna/ Nimma Hesarenu? = Sapa jenengmu?
- Nanna Hesaru….. = Jenengku……
- Shubha Haaraikeya Maathu = *Sampai jumpa*

Basa Kannada



Èdhisi Kannada saka Wikipédia, bauwarna bébas